



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 1ye me 2014

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE POU DRAPO FLOTE DEMI MA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te mande pou drapo sou bilding goudenman eta yo flote demi ma jou ki lendi 5 me 2014 la, pou onore yon sòlda Fort Drum ki ki te mouri nan peyi Afganistan nan dat 28 avril.

Sòlda Premye Klas Christian J. Chandler te mouri nan Baraki Barak District, Logar Province, peyi Afganistan lè fòs lenmi te tire sou inite li a ak zam leje. Li te afekte nan 2^{yèm} Batayon 87^{yèm} Rejiman Enfantri nan 3^{yèm} Brigad 10^{yèm} Ekip Konba Mountain Division lan. Chandler te moun Trenton, Texas.

“Nan non tout Nouyòkè yo, mwen prezante sensè kondoleyans nou bay fanmi an ak zanmi Sòlda Premye Klas Christian Chandler” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nou pral sonje sèvis li rann peyi a epi se ak fyète Nouyòk mete ak kamarad sòlda li yo pou kriye lanmò li.”

Gouvènè Cuomo mande pou drapo sou tout bilding leta yo bese demi-ma nan lonè ak pou rann omaj pou sòlda eta nou yo ak sila yo ki nan pòs Nouyòk yo te touye ouben ki mouri nan yon zòn batay.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418